

KISA IMINOTERAPI YE?

Yo itilize iminoterapi pou yo trete divès kalite kansè. Doktè w kapab preskri w iminoterapi pou tretman kansè w la. Gen divès kalite iminoterapi yo ofri kounye a. Iminoterapi fè referans ak tretman ki ede sistèm iminitè kò w goumen kont kansè. Sistèm iminitè ou fèt ak plizyè ògàn, antikò (pwoteyin) ak selil iminitè diferan, ki travay ansanm pou yo goumen kont maladi ak enfeksyon. Kòm iminoterapi a fonksyone yon fason ki ankouraje pwòp sistèm defans kò w (sistèm iminitè w), li ka gen konsekans sou divès pati nan kò w.

Selil iminitè yo pwodui molekil pwoteyin yo rele sitokin ki aji sou lòt selil yo. Iminoterapi a kapab fè kò w pwodui yon gwo kantite pwoteyin sa yo anndan kò w. Li enpòtan pou w konnen ki efè segondè ki kapab rive epi pou w fè ekip k ap ba w swen w lan konn sa touswit, si ou santi nenpòt ladan yo. Efè segondè yo kapab parèt kay 30 a 50% nan pasyan yo.

RAPÈL ENPÒTAN

- Efè segondè yo kapab kòmanse parèt yon ti tan tou kout apre w fin demare tretman an oswa kèk mwa apre tretman an fin fèt. Li enpòtan pou w fè ekip k ap pran swen w lan konnen si ou santi nenpòt chanjman.
- Chans pou w santi efè segondè yo ogmante si w ap resevwa plis pase yon iminoterapi.
- Li enpòtan pou w fè ekip k ap pran swen w lan konnen si ou santi nenpòt chanjman nan medikaman w ap pran lakay ou yo pandan ou sou tretman an.



Aventura | Coral Gables | Coral Springs | Doral | Deerfield Beach | Ft. Lauderdale | Hollywood | Kendall | Miami | Plantation

InPursuitOfYourCure.com

SA OU DWE KONNEN SOU EFÈ SEGONDÈ IMINOTERAPI YO

Kontakte ekip swen sante w la touswit si w panse ou santi nenpòt nan efè sa yo:

SÈVO

Lafyèw, latwoublay, chanjman nan imè oswa chanjman konpòtman, kou rèd, kriz, ou pa ka gade limyè

GLANN KI PWODUI ÒMÒN

(glann tiwoyid, pituitè, sirenal ak pankreyas an patikilye)

Tèt fè mal ki dire oswa ki pa rive souvan, gwo fatig, ou pèdi pwa oswa w gwosi, batmannkè, w ap swe anpil, w ap pèdi cheve, konstipasyon, ou gen toudisman oswa ou endispoze

POUMON

(nemoni)

Tous ki fenk parèt oswa ki vin pi mal, souf kout

REN

Diminisyon nan kantite pipi, san nan pipi

PO

Gratèl, demanjezon, kò w fè boul, maleng ki bay doule oswa maladi ilsè

JWENTI OSWA MISK

Gwo doule oswa doule ki dire anpil nan misk oswa nan jwenti yo, misk ou yo feb anpil

JE

Wè twoub oswa wè doub oswa lòt pwoblèm vizyon, doule nan je oswa je wouj

KÈ

Doule nan lestomak, souf kout, batmannkè akselere

FWA

Po a oswa glè je yo vin jòn, gwo kè plen/vomisman, doule nan bò dwat vant lan, pipi fonsè, senyen oswa blese pi fasil pase sa ki konn fèt nòmalmàn

TRIP

Dyare oswa anvi fè pou pou plis pase sa ki konn fèt nòmalmàn, pou pou ki gen san oswa ki fonsè anpil, ki gonmen oswa ki kole, gwo doule nan zòn vant lan

NÈ

Pèt sansasyon oswa pikotman nan men oswa nan pye, feblès etranj nan janm, bra oswa figi

Nou pran pran enfòmasyon sa yo nan yon dokiman enfòmasyon grafik ki rele "Konprann Efè Segondè Iminoterapi yo" Rezo Nasyonal Konpreyansif pou Kansè (National Comprehensive Cancer Network) te realize.